

9 oktòb

Senyè a ap pwoteje ou pou anyen pa rive ou, li p ap kite anyen rive ou. Sòm 121. 7

Gen pitye pou mwen Bondye ! Gen pitye pou mwen ! Paske se bò kote ou m ap cache pwoteksyon. Se anba zèl ou m ap kache jouk lè danje a fin pase. Sòm 57. 1

Pwoteksyon ki tou pre

A kote yon plaj nan pasifik la, nan Nouvèl Zelann, kèk najè ki fò anpil t ap antrene lè ke nan yon bat je yo vin wè dofen antoure yo ki fòse yo gwoupe yo pandan ke y ap fè wonn yo pi pre. Lè sa a youn nan najè yo wè yon reken blan k ap vini sou yo. Pandan swansant minit konsa, dofen yo fè yon chenn sekirite pou anpeche reken an apwoche... jis lè tout atlèt yo rive sou rivaj la !

Zanmi kretyen, èske sa pa fè nou panse sou pwoteksyon ke Bondye ban nou an ? Depi lè peche te antre nan lemonn (Women 5. 12), Satan se yon advèsè k ap siyonnen nou “I ap chèche yon moun pou li devore” (1 Pyè 5. 8). Nou genyen zafè ak yon lènmi ki pi fò epi entelijan pase nou. Men Senyè Jezi te gen viktwa sou li sou lakwa, e sa dwe pouse nou toujou chèche pwoteksyon bò kote li. Bondye laji boukliye li sou moun pa li yo, sou tout sa yo ki konte sou li (Jòb 1. 9, 10). Li mete kanpe bò kote yo “miray pwoteksyon sa” ke Satan pa kapab kraze. Si nou viv toupre Jezi, pa gen okenn rezon pou n ap tranble devan atak lènmi an. Jezi li menm ap entèsede pou moun li te rachte yo. Li di disip li a : “Simon, Simon, gade ! Satan mande pèmasyon pou li vannen nou tout tankou ble. Men, mwen priye pou ou, dekwa pou lafwa w pa fayi. E, ou menm, lè ou repanti, fòtifye frè w yo” (Lik 22. 31, 32).

9 octobre

L'Éternel te gardera de tout mal ; il gardera ton âme.

Psaume 121. 7

Ô Dieu ! use de grâce envers moi ; car en toi mon âme se réfugie, et sous l'ombre de tes ailes je me réfugie, jusqu'à ce que les calamités soient passées.

Psaume 57. 1

Protection rapprochée

Au large d'une plage du Pacifique, en Nouvelle Zélande, des nageurs chevronnés s'entraînaient lorsqu'ils se trouvèrent subitement entourés par des dauphins qui les forcèrent à se regrouper en tournant autour d'eux de façon de plus en plus rapprochée. Un des nageurs aperçut alors au loin un requin blanc qui se dirigeait droit sur eux. Pendant près d'une heure les dauphins formèrent un cordon de sécurité pour empêcher le requin de s'approcher... jusqu'à ce que tous les athlètes aient pu regagner la terre ferme !

Amis chrétiens, cela ne nous fait-il pas penser à la protection que nous assure notre Dieu ? Depuis l'entrée du péché dans le monde (Romains 5. 12), Satan est un adversaire qui rôde, "cherchant qui dévorer" (1 Pierre 5. 8). Nous avons affaire à un ennemi qui est beaucoup plus fort et intelligent que nous. Mais le Seigneur Jésus l'a vaincu à la croix, et cela devrait nous pousser à nous réfugier toujours près lui. Dieu étend son bouclier au-dessus des siens, de tous ceux qui dépendent de lui (Job 1. 9, 10). Il dresse autour de chacun d'eux cette "haie de protection" que Satan ne peut renverser. Si nous vivons près de Jésus, nous n'avons aucune raison de trembler devant les attaques de l'Ennemi. Lui-même intercède pour ceux qu'il a rachetés. Il dit à son disciple : "Simon, Simon, voici, Satan a demandé à vous avoir pour vous cribler comme le blé ; mais moi, j'ai prié pour toi, afin que ta foi ne défaille pas ; et toi, quand tu seras revenu, fortifie tes frères" (Luc 22. 31, 32).